

BAB V

KACINDEKAN JEUNG REKOMENDASI

5.1 Kacindekan

Dina proses panalungtikan kapanggih hal-hal saperti ieu di handap:

- 1) Prak-prakan makéna média pangajaran foto jurnalistik diantarana ningkatkeun kamampuh nulis ésai, siswa bisa ngébréhkeun eusi pikirana ku cara ngaliwatan niténan foto jurnalistik. Salian ti kitu, léngkah-léngkah média foto jurnalistik bisa leuwih ningkatkeun kaaktipan siswa sabab prosés pangajaran ngagunakeun ieu média leuwih museur di siswa, guru ngan saukur jadi fasilitator.
- 2) Média foto jurnalistik bisa ningkatkeun hasil diajar nulis ésai. Hasil diajar ngaronjat dina unggal siklusna. Hasil diajar nulis diukur ngagunakeun tés nulis ésai nu ngawengku 5 kamampuh diantarana diksi, hasil penginderaan (panénjo), perincian, jeung kamampuh ngalibatkeun perasaan pamaca. Tina hasil tés nulis ésai nu dilaksanakeun, katitén yén dina pra-panalungtikan siswa anu tuntas nya éta 10 urang atawa 35,7 % sedengkeun anu teu tuntas 18 urang atawa 64,3 %. Dina tés siklus I siswa anu tuntas 18 urang atawa 64,3% sedengkeun anu teu tuntas 35,7%. Hasil nulis ésai dina siklus ka II nya éta 28 urang atawa 100% tuntas.
- 3) Média foto jurnalistik bisa nyiptakeun suasana diajar nulis ésai anu PAKEM (Pangajaran aktip, kréatip jeung *menyenangkan*). Hal ieu katitén ku ngaronjatna hasil tés nulis ésai siswa dina unggal siklusna nepi ka sakabéh

siswa bisa ngahontal KKM anu geus ditangtukeun sarta dina ngalaksanakeun léngkah-léngkah pangajaran siswa leuwih katempo saregep jeung daria.

Tina pedaran di luhur bisa dicindekkeun yén prak-prakan makéna média foto jurnalistik bisa ningkatkeun kamampuh siswa dina nulis ésai sarta ngaronjatna hasil diajar nulis ésai. Lian ti éta, média foto jurnalistik bisa nyiptakeun suasana diajar nu PAKEM (Pangajaran aktip, kreatif jeung *menyenangkan*).

5.2 Rekomendasi

Sabada diayakeun panalungtikan ngeunaan pangajaran nulis ésai ngagunakeun média foto jurnalistik, aya sababaraha hal anu hayang ditepikeun minangka rekomendasi.

1) Pikeun Guru

Média foto jurnalistik bisa ngaronjatkeun kamampuh hasil nulis ésai. Ku kituna, guru bisa ngagunakeun ieu média foto jurnalistik salaku media pangajaran nulis ésai.

2) Pikeun Siswa

Kamampuh jeung kabiasaan nulis ésai kudu terus ditingkatkeun. Média foto jurnalistik bisa ngamotivasi siswa pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis ésai.